

## SOSYETE KOUKOUEY AN AKSYON

### Dans endijènis ki ap evolye: yon apèl pou idantite ak inovasyon

Otè : Henri-Robert Durandisse

Powèt / Ekriven / kritik literè

"Nous allons danser avec frénésie la danse de l'indigénisme en évolution." Ernst Mirville

### Valè ak pouvwa dans endijènis

Jodi a, nou pote yon refleksyon ki konekte ak esans kilti Ayisyen an. Pawòl Ernst Mirville, ki di "Nou pral danse avèk frenezi dans endijènis lan ki ap evolye," envite nou nan yon mouvman, kote tradisyon ak inovasyon melanje pou yo konstwi yon avni dirab. Danse a, ki pa senpman yon ekspreyson kiltirèl, sèvi kòm yon filozofi pwofon pou revalorize idantite nou pandan nou ap entegre li nan monn lan

Dans endijènis ki ap evolye a pa sèlman mande pou nou sonje eritaj nou; li envite nou sèvi ak fòs eritaj sila yo pou nou avanse ansanm. Chak mouvman ak ritm dans sa a konekte nou ak zansèt nou pandan li louvri pòt pou nou bati, kreye nouvo espas nan teknoloji, edikasyon, ak ekonomi. Mouvman sa a pa rete nan atizay; li touche tout aspè lavi nou kòm yon pèp kreyolofòn ki chaje ak resous kiltirèl

### Dans la kòm refleksyon sou eritaj nou

Dans endijènis se yon lyen vivan ki konekte nou ak tè nou, eritaj nou, ak zansèt nou. Chak ritm, chak mouvman nan dans tradisyonèl yo chaje ak senbolis rezistans, fyète, ak lanmou pou idantite nou kòm Ayisyen. Rara, dans vodoun, epi lòt ritm tradisyonèl ki soti nan istwa esklavaj ak liberasyon montre ki jan kilti nou toujou sèvi kòm yon fòs pou nou kreye lespla

Lè nou danse avèk frenezi, nou montre yon angajman total pou nou adapte eritaj nou ak reyalite monn modèn lan. Tradisyon yo ka pote nouvole nan lavi lè yo melanje ak mizik kontanporen, pou yo kreye yon ekspreyans kiltirèl ki rich epi ki ap louvri je. Sa montre ki jan eritaj nou ka evolye san li pa pèdi esans li.

### Evolisyon endijènis nan direksyon monn modèn

Premye mouvman endijènis yo te konsantre sou literati ak atizay, kote ekriven ak atis yo te chache fè lang kreyòl ak eritaj kiltirèl yo briye. Men jodi a, endijènis ki ap evolye a pran yon lòt direksyon. Li entegre teknoloji, edikasyon, ak antreprenary pandan li kontinye pwoteje rasin nou

Itilizasyon kreyòl nan teknoloji dijital, tankou aplikasyon ak platfòm ki pèmèt manm kominote ayisyen yo pataje konesans epi ranfòse enpòtans lang nan. Tradisyon kiltirèl yo vin pi aksesib epi fleksib. Sa demontre divès fason tradisyon ak inovasyon ka mache ansanm pou nou konstwi yon avni ki rich epi dirab

### Frenezi nan dans endijènis ki ap evolye

Frenezi dans endijènis lan pa senpman yon santiman, li se yon apèl pou aksyon ak angajman. Li mande pou noumenm Ayisyen, kòm pèp, pran risk pou nou fè eritaj nou klere bél, menm lè sa mande pou nou kanpe tennfas devan presyon entènasyonal yo. Yon ekriven ki chwazi ekri an kreyòl, malgre avantaj ekonomik franse ta ka pote, oubyen yon mizisyen ki entegre ritm tradisyonèl nan travay li montre aklè, yo gen kouraj pou yo fè kilti nou avanse.

Frenezi sa a egzije yon angajman san limit pou nou mete eritaj nou nan sant lavi nou. Li mande enèji kolektif, kouraj, ansanm avèk yon konviksyon pwofon nan valè idantite kiltirèl nou yo. Mouvman sa a pa yon aksyon izole; li vin yon filozofi ki gide efò kolektif nou dwe fè pou nou konstwi yon Ayiti ki fyè epi dirab

### Dans endijènis lan kòm yon zouti developman

Dans endijènis ki ap evolye a gen ampli enpak pwofon sou divès domèn nan lavi Ayisyen yo. Kòm ekzanp, nou ka di :

Nan edikasyon, itilizasyon kreyòl kòm lang ansèyman ap ranfòse konpreatyans pandan li ap bay kilti nou respè ki revyen li dedwa. Elèv yo ap aprann pi byen lè yo itilize lang matènèl yo. Epitou, se yon fason pou yo devlope yon koneksyon pwofon ak istwa yo.

Nan ekonomi, ankourajman pou nou devlope pwodwi lokal avèk yon antreprenary ki adapte ak resous peyi a ap ede nou kreye yon modèl developman dirab. Atizan ki sèvi ak teknik tradisyonèl yo montre fason tradisyon ka sèvi kòm motè ekonomik

Nan teknoloji, mouvman an ankouraje kreyasyon zouti dijital nan kreyòl ki fè lang lan vin pi aksesib pou jenerasyon ki ap grandi nan monn dijital la. Teknoloji sa yo ka ede kreyòl jwenn plis plas nan espas mondal yo.

Nan politik, itilizasyon kreyòl kòm lang prensipal nan diskisyon nasyonal yo. Se yon fason pou nou garanti tout sitwayen ka patisipe aktivman nan developman peyi a. Sa ap ranfòse demokrasi pandan li ap pèmèt tout moun lide yo, panse yo an aksyon.

### Yon dans kolektif pou konstwi yon Ayiti ki fyè

Dans endijènis ki ap evolye a depase limit yon mouvman kiltirèl. Li tounen yon estrateji pou konstwi yon Ayiti ki pi solid, fyè, ak tout eleman ki pote dirabilite nan aksyon nou yo. Chak ritm ak mouvman nan dans sa a raple nou, eritaj nou pa yon chèn ki kenbe nou nan tan lontan. Se preferans, yon sous ensiprasyon pou nou bati, kreye yon avni ki diy epi ekitab

Mouvman sa a egzije yon angajman kolektif, kote Ayisyen lakay ak sila yo ki nan dyaspora a ka travay ansanm pou nou mete kilti nou, poto mitan, nan fondman tout

developman. Soti nan edikasyon, rive nan ekonomi ak teknoloji, dans endijènis lan montre repons pou nou leve defi Ayiti yo deja nan rasin li.

Pandan nou ap danse avèk pasyon, nou konprann tou avni Ayiti depann de kapasite nou pou nou entegre tradisyon ak inovasyon. Se yon dans kolektif ki raple nou, malgre tout defi yo, nou ka bati yon avni, kote eritaj kiltirèl nou yo vin yon motè ki pote pwogré epi diyite pou tout jenerasyon ki wout ap vini yo.

### Literati Kreyòl: yon refleksyon otantik nan lavi nasyonal Ayiti

Otè : Henri-Robert Durandisse

Powèt / Ekriven / Kritik literè

"Il faut que la poésie – la littérature – soit l'expression authentique de la vie nationale." Henri-Claude Daniel

Literati kreyòl, tankou yon pyebwa solid ki rasinen byen fon nan tè patrimwàn kiltirèl Ayiti, depase wòl yon zouti ekriti. Li se yon mwayen ki mare lespri kolektif pèp ayisyen an ak istwa li, tout pandan li ofri li yon espas pou rèv, soufrans, ak rezistans manifeste tèt yo libelibè. Depi kont grann nou te rakonte nou nan lakou pandan lannuit, rive nan travay ekriven modèn yo, literati kreyòl toujou rete yon pòt ki ouvè sou lavi ak esperans pèp ayisyen an.

Yon literati ki vle reflete lavi nasyonal dwe ale pi lwen pase bèle langaj. Li dwe antre nan nannan listwa, nan kè reyalite sosyal, ak fason lavi chita anandan lang nou kòm kouwa transmisyon ki pèmèt nou pale chak jou. Literati kreyòl se pa sèlman yon zouti kominotè; li se tou yon mwayen pou nou fè tandé vwa Ayiti nan nivo entènasyonal pandan li demontre lespri pèp ki ap batay pou yon demen miyò.

Pou misyon sa a reyalize, literati kreyòl bezwen sèvi ak yon langaj ki klè, ki byen estrikture, epi ki rich nan sans. Li dwe pwoteje valè kiltirèl nou yo, prezèvè memwa istwa nou, epi ofri yon espas pou rèv kolektif nasyonal nou yo. Ann analize eleman esansyèl ki ka ede literati kreyòl rive nan nivo ekselans.

### Yon literati pou idantite ak pwogrè sosyal

#### Kreyòl kòm poto mitan idantite nasyonal

Lang kreyòl la se namm idantite pèp ayisyen an. Se anandan li lavi nou pran sans, pandan li ofri nou mwayen pou nou eksprime tout dimansyon reyalite nou. Literati kreyòl dwe onore gramè, ôtograf, ak sonorite ki fè lang sa a inik. Li dwe sèvi ak pwovèb ak ekspreyson popilè ki chaje ak lasajès pèp la, tankou "Sa ki pa vle wè bouch ou, pa di ou manje zòsystèt," pou montre fòs yon eritaj ki senp men ki rich nan pwofondè.

### Literati pou tout klas sosyal

Pou literati kreyòl gen yon empak reyèl, li dwe aksesib pou tout kategori sosyal, soti nan nivo timoun lekòl rive nan granmoun ki pa konnen li ak ekri. Ekriven yo ka kreye zèv tankou kont( nan tout nivo), rakonte istwa, oswa pyès teyat ki konekte ak lavi chak jou pèp la.

### Reprezentasyon reyalite sosyal ak ekonomik

Literati kreyòl dwe sèvi kòm yon glas ki reflete lavi chak Ayisyen. Nan rakonte lavi peyizan nan mòn yo, travayè nan bitasyon yo, ak ti machann nan mache yo, li mete an valè Mizè yo ak espwa yo. Yon istwa ki dekri kouraj yon ti machann ki leve chak maten pou fè fas ak lavi ta ka yon refleksyon pwofon sou detèminasyon pèp la.

### Literati kòm zouti solidarite

Yon literati kreyòl ki byen fonde dwe ranfòse inite. Istwa ki soti nan tout kwen peyi a, soti nan nò rive nan sid, ka montre ki jan Ayisyen, malgre divèsite yo, konsèvè yon menm lespri kominotè. Tradisyon tankou rara, vodoun ak fèt Gede ka entegre anandan zèv yo. Se yon fason pou yo ranfòse santiman idantite kolektif nou.

### Literati kòm fòs chanjman

Yon literati ki fèt an kreyòl pa dwe limite li nan fè refleksyon sou pwoblèm; li dwe pwopoze solisyon tou. Yon woman ki ap denonse empak diskou demagogik yo pandan li ankouraje refleksyon entelektyèl ka sèvi kòm yon zouti pou chanjman. Literati kreyòl dwe ede leve konsyans kolektif nou sou inegalite, Mizè, ak koripsyon, pandan li ouvè pòt pou yon avni miyò.

### Entegrasyon literati kreyòl nan edikasyon ak developman

Pou literati kreyòl la ka reyalize tout potansyèl li, li dwe gen yon plas santral nan sistèm edikatif la. Liv lekòl yo dwe ekri an kreyòl, epi yo dwe itilize materyèl ki konekte ak eritaj kiltirèl nou. Kòm egzanp, yon liv istwa ki rakonte evènman ki soti nan epòk Tayino yo rive nan Ayiti jodi a ta ede elèv yo konprann epi apresye rasin yo.

### Konklizyon: Literati Kreyòl, motè Idantite ak developman

Literati kreyòl se plis pase yon zouti ekriti; li se yon poto mitan ki soutni idantite ak developman nasyonal Ayiti. Li ofri yon glas kote pèp la ka reflechi sou reyalite li, yon espas pou ankouraje solidarite, epi yon zouti pou eksprime rèv ak espwa li.

Nan yon moman, kote Ayiti ap fè fas ak gwo defi, literati kreyòl la ka sèvi kòm yon sous limyè pou gide nasyon an. Atravè powèm, kont nou yo, woman, elatriye, pèp ayisyen

ka rakonte istwa li, defann kilti li, epi konstwi yon vizyon ki pi jis pou avni li.

Literati kreyòl la pa yon chwa; li se yon nesesite pou ranfòse fondasyon nasyonal nou. Aktè nan domèn literati a dwe pran responsabilite yo pou jwenn garanti literati kreyòl la kapab genyen plas li kòm yon zouti puisan pou pwogré ak inite. Menm jan yon pyebwa chita sou fòs rasin li yo, Ayiti ka grandi gras ak eritaj lang li epi literati li. Literati kreyòl se pa sèlman yon eritaj; li se yon flann ki ka limen wout chanjman ak developman pou tout jenerasyon kap vini yo.

### Lèt pou Ernst Mirville (Pyè Banbou) ak Henri-Claude Daniel (Jan Tanbou)

Otè : Henri-Robert Durandisse

Powèt / Ekriven / Kritik literè

avèk kolaborasyon

Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn)

Powèt / Kritik literè

### 18 desanm nan ane ki pa pe janm fini

#### Pou

#### Ernst Mirville ak Henri-Claude Daniel,

Nou retire chapo, koube byen ba pou nou salye nou nan non kreyòl ayisyen an. Nou ekri nou ak tout enèji epi pasyon nou pote pou kilti ak literati nou. Pawòl nou yo, sou endijenis oswa sou literati, pote yon fòs ak yon limyè remakab, ki enspire noumenm nan nouvèl jenerasyon an pou nou reflechi plis an pwofondè sou wòl dans ak literati genyen nan ranfòse idantite nasyonal nou. Panse nou chak endividyleman, kòm gran kouzen, pote yon vizyon diferan, Men konplemantè. Panse sa yo rasanble tout sa nou bezwen kòm pèp pou nou avanse ak diyite.

Ernst, ou lanse yon deklarasyon ki chaje ak vigè lè ou di: "Nous allons danser avec frénésie la danse de l'indigénisme en évolution." Pawòl sa yo se pa sèlman yon refleksyon, men yo se an menm tan yon apèl pou nou aji. Dans endijènis ki ap evolye a, jan ou prezante li a, depase yon mouvman kiltirèl senp. Li tounen yon enstriman ki makonnen pase nou, prezan nou ak avni nou. Ritm ak mouvman chak dans rakonte fòs kolektif zansèt nou yo. Yo plis pase estetik. Yo se vizyon pou lavni.

Henri-Claude, ou menm, ou entèvni avèk yon lòt dinamik lè ou di: "Il faut que la poésie [ la littérature] soit l'expression authentique de la vie nationale." Nan deklarasyon sa a, ou egzije pou literati a pa limite nan ekriti san sans, men li se an menm tan yon zouti ki montre istwa pèp la. Ou raple nou nan chak mo ekri, gen yon vwa ki reprezante Mizè ak espwa pèp ayisyen an. Literati pa dwe yon privilej pou kèk moun; li dwe yon refleksyon, kote tout Ayisyen ka rekonèt tèt yo.

Lè ou pale de literati kòm ekspreyson lavi nasyonal, ou envite tout ekriven ekri avèk lide pou pawòl yo sèvi glas ki reflete reyalite sosyal nou yo. Lang kreyòl, ki rich ak dinamik, dwe vini prensipal sipò ki kapb pote mesaj sa yo. Powèt, womansye, dramatik yo dwe sèvi kòm entèprèt rèv ak vizyon pèp la pandan yo ap pwopoze yon chimen pou yon avni ki chaje ak diyite epi fyète.

### Yon koneksyon pwofon ant vizyon nou yo

Noumenm, ki ekri lèt sa a, wè yon koneksyon pwofon ant deklarasyon nou kòm fondatè. Ernst, dans endijènis ki ap evolye a mande aksyon, mouvman, ak enèji. Henri-Claude, literati a mande mo, ki byen doze pou nou rakonte, dekri, epi sèvi nou sous enspiration. Ansanm, dans ak literati sa yo se poto mitan idantite ak kreyativite nasyon an.

### Frenezi kòm enspiration pou aksyon

Frenezi, Ernst mansyone a pa sèlman yon enèji fizik; se yon angajman pou chanje reyalite yo. Dans lan envite nou selebre kilti nou pandan nou ap travay pou nou adapte li ak mond modèn lan. Ekriti kreyòl dwe depase limit estetik pou li tounen yon zouti ki rale pèp la nan yon nivo kote yo ka wè fòs yo ak kapasite yo.

### Enpòtans pwojè kolektif sa a

Ernst, lè ou pale de dans lan, ou mansyone yon eleman ki gen rapò ak rasanbleman. Henri-Claude, lè ou pale de literati, ou egzije pou li reprezante tout aspè lavi nasyonal la. Tou de mesaj sa yo konplamente yon lòt paske yo egzije yon angajman kolektif.

Pou nou reysi, nou dwe gen garanti, chak Ayisyen ap jwenn espas yo nan dans ak literati sa yo. Sa vle di nou dwe itilize dans lan kòm yon zouti pou nou rasanble kominote yo, epi nou dwe sèvi ak literati pou dokimante rèv nouyo, lit nou yo, ansanm ak viktwa nou yo.

### Yon vizyon pou avni

Nan tan